



KONEKSYON

Elèv klas yuityèm ane yo nan Bishop Middle School resevwa sètifika pasaj yo pandan Seremoni Pasaj la nan PCTA. Felisitasyon!

ESPAS SIPÈ-ENTANDAN AN

Byenvini nan dènye edisyon bilten chak de semèn Distri Lekòl Piblik Providence (PPSD) la! Mwen kontan anpil pou anonse ke nou te fè nèf gradyasyon pou lekòl segondè semèn pase, epi plis pase 1,000 elèv te travèse sèn nan pou resevwa diplòm yo. Felisitasyon ak nou chak paske nou te rive fini pwogram nan. Nou merite sa. Epitou, yon gwo felisitasyon pou tout elèv yuityèm ane nou yo ki te patisipe nan seremoni Pasaj yo a tou. Pandan gradyasyon yo semèn pase, nou te lanse inisyativ lekti nou an pou ete a. Anvan lekòl la te fèmen, nou te distribye 90,000 liv ki apwopriye ak laj elèv yo pou tout elèv Pre-K jiska 5yèm ane yo. Epitou nou te resevwa vizit Clifford the Big Red Dog nan Asa Messer Elementary School nan kad lansman inisyativ lekti pou ete a.

Epitou se te yon gwo semèn pou elèv CTE nou yo. Nou te siyen anpil kontra ak 14 antrepriz nan eta a pou kòmanse karyè yo aprè elèv yo fin diplome nan lekòl segondè. Mwen fyè anpil pou kantite elèv ki te eksele nan pwogram CTE ke lekòl segondè nou yo ofri yo, epi te chwazi kòmanse karyè yo. Nou swete nou tout bòn chans pandan n ap kòmanse pakou nou yo nan espas travay la.

Pase Bon Ete! Soti deyò, pwofite de tan an, fè lekti, fè lekti, fè lekti!

28 JEN 2023



DR. JAVIER MONTAÑEZ
SIPÈ-ENTANDAN

MAKE KALANDRIYE W YO!

- [PREMYE JOU PWOGRAM APRANTISAJ ETE](#)
Lendi 10 Jiyè
- [FÈT LAVIKTWA](#)
(Okenn Pwogram pou Ete)
Lendi 14 Out
- [DÈNYE JOU NAN PWOGRAM APRANTISAJ ETE A](#)
Jedi 17 Out
- [DEVLOPMAN PWOFESYONÈL POU PWOFESÈ](#)
Lendi - Jedi 28 Out - 31
- [ORYANTASYON POU PWOFESÈ](#)
Madi 5 Septanm
- [PREMYE JOU LEKÒL](#)
Mèkredi 6 Septanm

MIZAJOU DISTRI YO



PWOGAM APRANTISAJ ETA YO KÒMANSE NAN DAT 10 JIYÈ A!

Lekòl la kapab fini, men Pwogram Aprantisaj Eta nou yo pral kòmanse ak tout vitès! Nou genyen plis pase 1,500 elèv K-12 ki enskri pou patisipe nan tout pwogram Distri a ofri apati 10 Jiyè jiska 17 Out. Pwogram yo gen ladan:

Akademi Aprantisaj Summer Stars

Klas K-8

Lendi - Vandredi, 8:00 a.m. rive 5:00 p.m.

Young Woods Elementary School & Alfred Lima Elementary School

Pandan pwogram nan, elèv yo pral amelyore konpetans yo nan lekri, ekriti, ak nan matematik epi yo pral patisipe tou nan yon konpozan sosyo-emosyonèl ki ekstrawòdinè pou kenbe timoun yo enspire epi konekte! Elèv yo pral ranfòse konfyans yo epi eksele nan aprantisaj yo pandan y ap etidye anpil, konekte ak zanmi, epi pandan y ap aprann konpetans debaz ki pral pèmèt yo reyisi ane akademik yo epi odela!

STEM nan DelSesto

Klas 6-8 Ane

Lendi - Jedi, 8:00 a.m. rive 2:00 p.m.

DelSesto Middle School

Nan mitan pwogram aprantisaj ete nan lekòl twazyèm la, elèv yo chwazi nan twa opsyon, SeaPerch, NEED, oswa E-Sports. Nan SeaPerch, yon pwogram wobotik STEM, elèv yo fè eksperyans konsèp pre-enjeniri epi yo fè eksperyans pratik ki gen ladan yon konpetisyon konsepsyon bato. NEED santre sou aktivite STEM yo ki fèt pou elèv yo wè koneksyon monn reyèl yo epi ranfòse relasyon yo nan Edikasyon sou syans ki dèyè ENÈJI. Nan E-Sports, Espò Elektwonik, elèv yo eksplwate konpetans 21yèm syèk yo ki gen ladan refleksyon kritik. E-sports se konpetisyon ki pi rapid epi k ap grandi nan lekòl segondè Ozetazini epi se espò ki adapte ak Rhode Island Interscholastic League (RIIL). Èske ou enterese patisipe nan pwogram lekòl twazyèm sik la? [Enskri isit la!](#)

Rekiperasyon Kredi nan Ete Nan Lekòl Segondè PPSD

Klas 9-12

Lendi - Jedi, 8:00 a.m. rive 2:00 p.m.

Central High School

Pwogram Retablisman Kredi a itiliz platfòm anliy Edgenuity epi melanje aprantisaj anliy ak enstriksyon pwofesè, travay an gwoup ak pwojè yo. Yo pral anseye klas pratik tankou edikasyon fizik ak art nan yon fòm saldeklas tradisyonèl.



SUPERCHARGE YOUR SUMMER

BEGINNING MAY 1ST TEENS 14-19
CAN REGISTER TO WORK OUT FREE
ALL SUMMER LONG
MAY 15 - AUGUST 31

PLUS, WE'RE GIVING AWAY \$200,000 TO HIGH SCHOOLS AND STUDENTS!*



Sign up at

planetfitness.com/summerpass

Under 18? Sign up with a parent/guardian (online or in-club)



*Locations independently owned and operated. See club for details. NO PURCHASE NECESSARY. Open to residents of the 50 US/DC, and Canadian provinces of ON, AB, NB, SK, MB, NL, & BC. 14-19 years of age (with parent approval if a minor). \$200,000 USD available in the US, and \$100,000 CAD available in Canada. Void where prohibited. Begins 7:00 a.m. ET on 5/15/23 and ends 11:59 p.m. ET on 8/31/23. Grand Prizes (\$5 for US Students) a \$100,000 USD scholarship, Grand Prizes (\$5 for CAN Students) a \$10,000 CAD scholarship, School Prizes (\$5 per US school tier) \$20,000 for athletic equipment, field renovations, physical fitness classes, health and wellness classes, School Prizes (\$5 per CAN school tier) \$10,000 CAD for athletics and fitness. Winning schools selected based on number of HSP members from the school and applicable school tier. All prizes awarded as a check to school/directors for parent/guardian if winner is a minor. For Official Rules, eligibility, entry and school tier details, visit www.planetfitness.com. Sponsor: Planet Fitness Holdings, LLC.



EKITE AK APATENANS

Akademi Lidèchip RESPECT

Lendi 14 Out 2023 - Vandredi 25 Out 2023

Lokal: Brown University

Odyans: Elèv twazyèm sik ak elèv lekòl segondè PPSD yo *Gratis pou elèv ki te patisipe aktif nan RESPECT. Y ap bay dejene, manje midi ak ti goute. Elèv yo pral resevwa yon alokasyon.* [Enskri isit la a.](#)

Konsèy Konsiltatif sou Ekite: Rankont final nou an pou Konsèy Konsiltatif sou Ekite a te fèt jodia, 28 Jen. Nou rekonesan anpil pou tout manm nou yo pou travay di yo epi sitou pou travay yo nan revizyon Politik sou Ekite Rasyal ak Etnik nou an ki te etabli pa Komisyon Lekòl la nan dat 21 Jen an. Si ou ta renmen rejwenn Konsèy Administrasyon sa a tanpri voye yon imèl bay equity@ppsd.org.

Anbasadè Prensipal Ekip Lidèchip sou Ekite yo: N ap chèche de pwofesè nan chak lekòl primè, lekòl twazyèm sik, ak lekòl segondè pou patisipe nan yon pwogram fòmasyon sou lidèchip ki inikman adapte. Li fèt pou prepare patisipan yo pou sèvi kòm Anbasadè Prensipal nan Ekip Lidèchip sou Ekite yo. Fòmasyon sa a pral baze sou tèks, *Senk Pratik Lidèchip ki Santre sou Ekite*, epi li pral anime pa youn nan otè yo, Dr. Mark Gooden. Antanke Anbasadè Prensipal, moun sa yo pral devlope epi dirije ekip lidèchip sou ekite yo nan lekòl yo a, pandan ane lekòl 2024-25 lan. Si ou se yon anplwaye ki tray 12 mwa epi ou ta renmen patisipe nan travay sa a, tanpri pale ak direktè ou an oswa kontakte Biwo Ekite ak Apatenans lan nan equity@ppsd.org.



MARINE LIFE AANTANKE ART

Elèv twazyèm ane nan Webster Avenue School te kolabore ak atis yo epi a asistan pwofesè Lekòl Piblik Providence yo, **Nilton Cardenas**, sou yon pwojè art sou lavi maritim. Chak elèv te seleksyone yon bèt lanmè pou fè rechèch sou li epi te kreye yon kolaj bèt sa a nan yon anviwònman anba lanmè. Cardenas te kolabore ak Sodexo pou kreye yon penti miral nan 797 Cafe nan Biwo Santral Lekòl Piblik Providence lan. Elèv yo ak atis yo te òganize yon ekspozisyon art nan cafe a nan dat 20 Jen an.



SELEBRASYON ELÈV YO

Elèv ki travay di, ki gen talan nou yo ap fè bèl bagay chak jou. Men kèk egzanp.



SEREMONI POU PASAJ

Felisitasyon ak tout elèv nou yo nan jadendafan, 5yèm ane, ak 8yèm ane ki te selebre **Seremoni Pasaj yo** pandan de semèn ki sot pase yo! Yo te selebre elèv yo pou reyalyasyon yo pandan tan yo nan lekòl la, epi te selebre paske y ap vanse nan pakou akademik yo. Nou pa ka tann pou wè tout bagay nou te akonpli pandan w ap anbake nan pwochen avanti akademik ou an!



MOUNT PLEASANT SHINES NAN SPECIAL OLYMPICS

Nan kòmansman mwa sa a, manm yo nan Ekip Pwa Lou Mount Pleasant Kilties a te ranpòte 4 meday annò ak 11 meday an ajan nan kategori Deadlift ak Bench nan jwèt 2023 Special Olympics yo nan Inivèsite Rhode Island. Anplis, jinyò MateoMilagro Oliver, yon manm nan ekip la, te chwazi pou reprezante Distri a ak ekip la nan pasaj flanbo a pandan seremoni ouvèti a! Remèsiman espesyal pou Coach Louie Stravato ak Katherine Gonzalez, yon Edikatè Espesyal nan Mount Pleasant, ak paran volontè yo ki te vini pou soutni espòtif yo!



SIPÈ-EWO ASISTANS YO

Yon gwo remèsiman pou **New England Patriots** ak **Kraft Foundation** paske yo retounen nan **Young Woods Elementary School** pou ede selebre Sipè-ewo Asistans nou yo! The Patriots te prezan tou pou ede fè kè elèv yo kontan sou lekti pandan ete a. Chak elèv te anmezi pou pote lakay yo twa liv pou yo li! Elèv nou yo te prezante nan yon videyo sou feed sosyal The Patriots la ke nou ka gade isit la: <https://twitter.com/i/status/1670831556397789190>



MOUNT PLEASANT BASEBALL SWEEPS PRAL RANPÒTE CHANPYONA RIIL DIVISION III A

Felisitasyon ak ekip Bezbòl **Mount Pleasant Kilties** a paske yo te genyen 5-0 sou [Exeter-West Greenwich nan game 2 nan Chanpyona Bezbòl RIIL Division III an](#) mwa sa a! Yo te dedye jwèt nan memwa alum Wilcar Moreno nan Mount Pleasant baseball.



ELÈV PCTA YO NAN ATLANTA FOR SKILLSUSA

Bon travay pa tout elèv **Karyè ak Edikasyon Teknik yo** (CTE) ki te nan Atlanta pou **Konferans sou Konpetans & Lidèchip Nasyonal SkillsUSA a!** Felisitasyon ak elèv kosmetoloji **PCTA yo Briana Lopez, Stephanie Ramos ak Crystal Aguilar** ki te ranpòte meday annò nan konpetisyon nasyonal la nan Konferans sou Konpetans & Lidèchip Nasyonal SkillsUSA la! Felisitasyon ak Konseye talantye yo a **Stephanie Accetta** & teacher **Madmwazèl GomesMcCreary!** Felisitasyon tou ak **Karriana Phoeun, Emelie Rosa, ak Melanie Rosa,** nan pwogram Pakou Karyè pou Sèvis Sosyal la ak Madmwazèl GomesMcCreary, yo te plase 6yèm nan peyi a! Epitou nou ta renmen rekonèt nouvo senyò **Winifer Rodriguez** ke yo te plase 5yèm nan konpetisyon kilinè a. Mèsi, **Chef Rodriguez,** paske w te travay anpil avèk li! Yon gwo kout chapo pou jinyò **Fritz Heitmueller** ke yo te plase 10yèm nan edikatè Teknoloji Elektrik la **David Santos ak Robert Gianfrancesco!**

PRI MEYÈ JWÈ

Felisitasyon ak jwèt baskètbòl **Gilbert Stuart Middle School** la **John Ramos** paske li te ranpòte Pri Meyè Jwè pou Divizyon Tigason yo nan Chanpyona Baskètbòl Lekòl Twazyèm Sik Providence lan! Coach la ak Sipè-entandan Montañez. te remèt John pri a.



SE BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- [Kijan lekòl piblik Providence yo ta dwe depanse \\$100,000? Sa se elèv twazyèm sik sa yo ki konnen](#) *Brown News*, 8 Jen 2023
- [Nan kad kontra yon ane a, elèv Providence yo pral resewva yon lòt 30 minit tan aprantisaj](#) *ABC6*, 16 Jen 2023
- [Lekòl Piblik Providence yo pral genyen yon jounen lekòl ki pi long ane k ap vini. Ak kisa li sanble.](#) *Jounal Providence*, 16 Jen 2023
- [Pre K-Gr. 5 elèv Providence pral resewva yon sakado ki gen 10 liv pou lekti pandan eta a](#) *RI News*, 17 Jen 2023
- [Enspire Pa Moreno's Memory, Mt. Pleasant Fini Chanpyona Bezbòl Divizyon III a](#) *ABC6*, 18 Jen 2023
- [Hope High School revele oditoryòm ki fèk renove a](#) *WPRI*, 21 Jen 2023
- [Lidè eta, ak lidè lokal yo koupe riban nan nouvo oditoryòm Hope High School la](#) *ABC6*, 21 Jen 2023



PWEN ENPÒTAN ELÈV YO

Chèche konnen bon jan nan elèv
senyò nou yo nan distri a!

Favoured Adeoye

Senyò, JSEC
MS: Baltimore, MD
ES: Nijerya

Blessed Adeoye

Senyò, JSEC
MS: Baltimore, MD
ES: Nijerya

Yo te di nou ke nou se jimo. Kilès nan nou ki pi gran epi kilès ki se Majò Pwomosyon an?

FA: Mwen se sila ki pi gran an epi m se majò pwomosyon an. Istwa enteresan, Beni, te trape COVID epi nòt li te bese yon ti kras nan youn nan klas nou yo kote m te fè yo A. Nan fen an, li dezyèm epi m te vin majò pwomosyon an.

Ki plan w genyen pou aprè gradyasyon an?

FA: Mwen planifye pou ale nan Roger Williams University epi m pral sou wout pou antre nan enjenyeri. Pandan premye ane yo, m pral sou wout la men apre de premye ane yo m ap panse pou konsantre m sou enjenyeri elektwonik. Se yon pwogram pèsonalize ki ta ka chanje an jeni sivil oswa jeni biyomedikal. Nou te chwazi lekòl la aprè yon rankont ak yon ansyen elèv nan legliz nou an. Li te envite nou pou vini vizite Roger Williams. Nou te anmezi pou wè lekòl la pandan yon jounen regilye epi pale ak kèk elèv. Nou te vrèman renmen l.

sipò finansye a. Rezon prensipal ki fè m te vle ale nan Roger Williams a se paske se te lekòl m te konekte ak li plis la. Li gen yon bèl kanpis epi ta sanble sa t ap yon bèl eksperyans pou aprann nan men tout pwofesè nou te rankontre yo. Nou chak te resevwa Bousdetid Prezidansyèl la. Epitou nou te resevwa sibvansyon ak bousdetid adisyonèl.

Poukisa w te chwazi JSEC?

BA: Nou te sote Baltimore pou al rete Rhode Island touswit aprè 10yèm ane a. Se te yon gwo pwosesis pou detèmine kote nou taprale. JSEC nan distans apeprè senk minit mache de kay nou an. Nou te renmen moman sa a anpil isit la epi nou te resevwa anpil opòtinite. Nou te dekouvri pwogram PrepareRI akselere a. Nan kad pwogram nan, nou toude te anmezi pou fè yon estaj nan Amgem, yon antrepriz biyomedikal, pandan ete a. Se te yon estaj peye. Nou te anmezi pou rejwenn sosyote onè a tou.

FA: PrepareRI se yon pwogram pou senyò pou pase tout ane senyò a nan kanpis Fakilte Kominote Rhode Island nan (CCRI). Ou ka toujou patisipe nan espò ak aktivite yo nan lekòl ou an men ou ka jeneralman pase tout dènye ou an nan fakilte. Ou tankou yon elèv premye ane nan fakilte. Ou swiv kat kou pandan yon semès. Pwogram nan te ba nou opòtinite pou swiv kou epi pwofite nèt de ane k ap vini an lè nou antre nan fakilte. Nou toude tè chwazi wout enjenyeri a. Nou te fè eksperyans fakilte a epi nou te wè ak kisa sa sanble. Nou te genyen konseye nan CCRI. Te genyen 68 elèv PPSD ki te fè pwogram nan ane sa a ki te soti nan tout lekòl PPSD yo. Nou te vin kreye bon amitye ak amitye ki dirab nan pwogram nan. Anviwònman an nan CCRI te apwopriye anpil. Ou te oblije aplike epi pou yo aksepte w. Se konseye ou yo ki dwe rekòmande w epi ou dwe genyen yon minimòm GPA.

Èske te genyen yon pwofesè ki te fè yon enpak sou lavi w nan JSEC?

BA: Yon pwofesè ki te fè yon gwo enpak sou mwen se te Mesye Maione oswa "Mesye G" jan m rele l la. Li te

"Aprè COVID, m te vin plis entwovèti. [Mesye G] te toujou di li te wè kalite lidèchip sa nan mwen...m ap toujou apresye sa. Kounya, m toujou prè pou m pale pou tèt mwen." - Blessed Adeoye

BA: Mwen pral nen Roger Williams tou. M ap planifye pou m espesyalize m nan jeni elektrik. Epitou m ap panse pou fè yon doub espesyalizasyon epi etidye jesyon antrepriz. Nou te vrèman panse pou lide pou ale nan diferan lekòl men Roger Williams te ba nou rabè pou frè/sè malgre lòt

pj. 6, Pwen enpòtan sou elèv yo, swit

pwofesè Anglè mwen, epi se te yon moun ki te sipòte m depi nan kòmansman. Li te remake byen bonè ke nou te pote anpil bagay debaz soti nan ansyen lekòl nou an, sa vle di nou te prè pou pis travay difisil epi li te pouse nou pou fè plis. Epitou li te ankouraje m pou soti nan monn mwen an. Aprè COVID, m te vin plis entwovèti. Kidonk, lè m te vini nan lekòl la se te premye eksperyans mwen andeyò sa. Li te toujou di li te wè kalite lidèchip yo nan mwen, epi li pa te vle wè m gaspiye l. Li te toujou eseye pouse m epi m ap toujou apresye sa. Kounya, m toujou prè pou m pale pou tèt mwen.

FA: Pwofesè ki te fè pi gwo enpak sou mwen an se te Madmwazèl Martha Heald. Li te anseye m pre-kalkil. Li nan retrèt kounya. Lè nou soti nan Baltimore, nou te gen yon ane anplis sou rès klas la. Li te fè yon efò sensè pou vin jwenn nou epi fè nou patisipe. Li te etidye jeni sivil. Lè li te dekouvri m te enterese tou nan jeni, li te ede m chèche lekòl. Li te ede nou abitye ak lekòl la lè nou te demenaje isit la premye fwa a. Epitou li te ede m wè ke matematik ka amizan. Epi m toujou pale ak li jodia.

Ki eksperyans ki te plis make lavi w pandan ou te nan lekòl segondè?

FA: M t ap di klas Madmwazèl Heald la. Lè nou te soti Baltimore, pa te gen okenn manje Dominiken. Nou te eseye Mangu, yon pla Dominiken, pandan premye fwa nan klas li a. Li te bon. Sa te pèmèt mwen louvri ak lòt moun nan klas mwen an epi apresye lòt kilti yo. Se te vrèman yon semèn kiltirèl.

BA: Sa ki te plis make lavi m se te nan premye ane m nan lè nou te fè pwojè Sitwayen Jenerasyon an. Se te yon gran

eksperyans jou nou te ale nan mezon deta a epi nou te prezante l la. Nou te bezwen kat moun pou ale nan mezon deta a epi prezante pwojè a. Se te premye fwa m te soti nan monn mwen an. Nou te fè prezantasyon sou fatra ak resiklaj nan lekòl nou an ak nan vil nou an. Nou te kontakte senatè yo pou mete plis poubèl resiklaj ak plis opsyon nan kominote a. Nou te reklame ensitasyon pou moun yo resikle plis. M te santi m te dwe jwe yon wòl lidèchip. Nou tout se te moun ki te timid, epi m pa te vle sa afekte tout travay nou te fè a. Kidonk, m te pouse tèt mwen plis ak kamarad plas mwen yo pou prezante pwojè nou an ak pou nou kapab brav.

Kisa ki rann ou estrese oswa kontan anpil aprè gradyasyon an?

FA: M kontan anpil pou m wè kijan eksperyans mwen an nan CCRI pral ede m pami kamarad mwen yo. Anpil nan ti lide ak konsèy konseye yo t ap ban nou nan jounen oryantasyon Roger Williams se te manm bagay nou te deja aprann ane pase a. Kèk fwa, m te ranvwaye kèk bagay pandan pwogram nan epi m te regrèt sa. Ane pase a, m te aprann sou fason pou jere pwojè ak pou eseye rete konsantre sou travay mwen. M te planifye epi m te mete tèt mwen sou yon rit. Pifò kamarad klas mwen yo se te elèv premye nan fakilte.


BA: Yon bagay m santi de emosyon sou yo sèke lè m gen tout kontwòl tèt mwen. Menm si nou te gen eksperyans fakilte a, nou pa te gen anpil libète. Nou te toujou genyen konseye ki te konn konseye nou chak Vandredi. Kidonk, yo te ede nou rete sou wout la. Kounya poukont nou, m pral pran plis inisyativ pou fè tout bagay epi rete ansanm. Epitou mwen enpasyon pou fè kèk espò yon fwa m rive lekòl la. M ta renmen jwe baskèt entra-miral.

NAN DISTRI A



REKONESANS MANM KONSÈY KONSILTATIF PARAN YO

Mèsi ak manm Konsèy Konsiltatif Paran yo (PAC) **Elaine Faber Budish** ak **Tomoko Shibusawa** pou angajman ak devouman yo nan Lekòl Providence yo ak pou elèv nou yo. Nou vrèman apresye tan ak efò san fen nou yo pandan ane pase sa a. Yo te rekonèt toude nan dènye rankont Komisyon Lekòl la. Mèsi ankò pou tout sa nou te fè pou Distri a!



OMAJ POU MANM KOMISYON LEKÒL LA KI SE SANTOW


Yon gwo remèsiman pou manm k ap sèvi depi pi lontan nan Komisyon Lekòl la, **Dr. Mark Santow**! Santow se Pwofesè Asosye ak Prezidanis nan Inivèsite Massachusetts-Dartmouth, li espesyalize nan istwa iben 20yèm syèk, politik, istwa militè, dwa sivil ak politik sosyal. Santow te demisyone nan fen ane lekòl la pou pase plis tan ak fanmi l. Pandan ywit ane pase yo, li te sèvi kòm yon gwo defansè pou elèv Providence yo. Ane pase, li te ede dirije politik aktyalize sou ekite a pandan li t ap sèvi kòm prezidan nan kominote sou politik la. Li pwomèt ke li pral enplike antanke paran nan Distri a.



NOUVO ODITORYÒM HOPE HIGH SCHOOL

Yo te òganize yon seremoni lansman nan **Hope High School** semèn sa a pou selebre devwalman renovasyon yo nan oditoryòm nan. Oditoryòm ki rekonsepsyone a fè pati yon investisman \$20 milyon dola nan lekòl la pou pi byen sèvi elèv Hope nou yo, k ap pèfòme nan pwogram art yo, ak pou gran kominote a. Remèsiman espesyal pou **Gouvènè Dan McKee, Majistra Brett Smiley, Komisè Angélica Infante-Green**, manm yo nan **Konsèy Administrasyon Lekòl la**, the **Endika Pwofesè nan Providence lan**, ak patnè kominotè yo paske yo te rann renovasyon sa a posib pou elèv nou yo.

[Klike isit la](#) pou gade videyo a.



Hope Visual and Performing Arts

Originally built in 1936, the renovated auditorium now stands as a symbol of PPSD's commitment to providing students with exceptional learning environments and opportunities

► [ford | read | expression.](#)



© 2023 Providence Public Schools · communications@ppsd.org · www.providenceschools.org

Gwo bagay ap pase atravè distri a e nou vle w konnen yo! Si w gen yon pwogram, yon evènman, Manm pèsònèl oswa elèv ki gen yon bèl istwa ou ta renmen prezante, tanpri voye yon imèl nan communications@ppsd.org.